Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Ша йуьйр йу бохуш Дагестанехь иллиалархочунна тӀаьхьаваьлла стаг маьрша витина

Марсхьокху-бутт 21, 2026




Гайтаман сурт

Дагестанхойн йишлакхархочунна Магомедова Хадижина тӀаьхьаваьлла стаг лаца аьлла, кхеле дехар ца дина талламо. Цуьнан цӀа чу а ваьлла, артистана тӀелеттачул тӀаьхьа иза бехкевира йуьйр йу ша бохуш, цунна кхерамаш тийсарна. Амма гӀуллакх толлучу йукъанна иза маьрша витира. Магомедовас дӀахьедина, шена иза бале валарна кхоьруш йу ша аьлла.

"Со йийна хила йезаш йара-те, иза чу воллийта? Муха мегар дара иза дӀахеца? Ши шо а ма ду и стаг суна тӀаьхьаваьлла лела", - дийцина йишлакхархочо шен инстаграмехь.

Дагестанера Талламан комитетан урхалло дӀахьедина тӀелатар динарг лаьцна вита аьлла, ницкъахоша дехар ца дира шайга, хӀунда аьлча, цо дина "зулам"- кӀад боцуш ду, ша бехкехиларна а къера хилла и стаг аьлла. ГӀуллакх катоьхна кхин дӀа листа кхеле хьажор ду, цундела дӀасавалар доьхкуш, кхин барамаш тӀеэца безаш бацара аьлла. Цунах лацна дуьйцу "РИА Новости" пачхьалкхан агенталло урхаллин векална тӀетевжина

Магомедова Хадижина тӀелатар дарх дийца дьакккхира марсхьокху-беттан 18-чохь, цо дийцарехь, буьйсанна цуьнан хӀусам чу а ваьлла, шен телефонан лоьмарна блок стенна тоьхна ахьа бохуш, цунна кхерамаш тийсина хиллера цо. Магомедовас орца дохуш хьоькху мохь хезнера ха дечу полисхойн патрулна, цара лаьцна дӀавигинера и стаг полицин декъе. Цигахь цо дӀахьединера, шега маре йола аьлла, дехар дан ваханера ша.

Лаьцначун хьокъехь бехкзуламан гӀуллакх долийна йуьйр йу бохуш, кхерамаш тийсарна. Оцу тӀехула цунна чохь йаккха пхеа шаре гергга хан йогӀу, йа Ӏедална белхаш бан декхаре во стаг.

- Шен ненах кест-кеста летарна а, полисхочун дахарна тӀекховдарна а ГӀебарта-Балкхаройчуьра Никульшин Игорьна таӀзар кхайкхийна Сочира кхело. Доьзалехь ницкъбарна тоьхна хан эххар а итт батте охьайаькккхира цуьнан, ткъа чоьхьарчу гӀулакхийн министраллан белхахочунна тӀелатарна цунна шогачу хьелашкарчу колонихь даккха 12 шо тоьхна.
- 2010-чу шарера схьа дуьйна пачхьалкхан думе 40-зза низаман проекташ кховдийра доьзалехь ницкъбар сацон Ӏалашонца. Цхьа кехат хьалхарчу йоьшийле ца кхечира. 2017-чу шарахь доьзалехь гӀело латтора декриминализаци йира: Бехкзуламан кодексан артиклан гурашкара дӀадаьккхира гергарчу нахана йеттар а, ницкъ бар а аьлла дакъа.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю